

VIL DEERFIELD BEACH APLIKASYON POU ÈD POU ACHA

Lavil Deerfield Beach la, pa mwayen fon Sibvansyon Global pou Devlopman Kominote (CDBG), Patenarya Inisyativ Lojman Leta (SHIP) ak Patenarya pou Envestisman nan Kay (HOME), pran plezi pou bay èd pou acha pou fwaye ki gen ti revni ba pou rive nan revni mwayen pou achte pwopriyete nan Deerfield Beach pou rete ladan yo kòm rezidans prensipal yo. Pwogram sa a se Lavil Deerfield Beach la ki jere l nan kolaborasyon ak konsiltan Vil la, Deerfield Beach Family Empowerment, Inc. (DBFE). Si ou gen nenpòt kesyon ki gen rapò ak aplikasyon sa a oswa pou ou pran yon randevou tanpri kontakte:

Deerfield Beach Family Empowerment, Inc.
533 South Dixie Highway, Suite 102
Deerfield Beach, FL 33441
954-425-8449, ext. 113

33

1. Maksimòm èd la ka rive jiska \$50,000. Gade tablo revni yo ki pi ba a.
2. Tout pwopriyete yo dwe tabli nan limit Vil Deerfield Beach la.
3. Tout aplikan dwe gen yon pretè ki apwouve yo dabò anvan yo aksepte aplikasyon an.
4. **Aplikan (yo) dwe gen yon kontra Imobilye ki Egzekite nan moman yo prezante aplikasyon an.**
5. Pwopriyete ki elijib (kalifye) yo gen kay pou yon sèl fanmi detache, kondominyòm, kay kole yonn ak lòt ak vila.
6. Yo pral chwazi aplikan yo sou baz moun ki vini an premye yo, ki premye kalifye yo dapre gwoup revni ki defini yo lè finansman an disponib.
7. Yo pral chwazi aplikan (yo) ki elijib yo nan lòd yo te Sètifye dapre Revni yo. Fon yo ap rezève sèlman apre nou resevwa yon kontra acha ki egzekite.
8. Si revni ou ta chanje apre yo ta detèmine revni ou elijib epi yo pat ko ba w èd lan, pwogram elijibilite ou la pral oblije resètifye.
9. Ou ka itilize nenpòt pwofesyonèl imobilye ki lisansye ki nan lide ou. Nou rekòmande tou pou ou chache konsèy legal ki konpetan.

Paj 1 nan 17

GID 2019 LA SOU KALIFIKASYON DAPRE REVNI

Fwaye Dimansyon	Ba Anpil 30% AMI ak Pi ba	Trè Ba 31% pou rive 50% AMI	Ba 51% pou rive 80% AMI
1	\$17,700	\$29,500	\$47,150
2	\$20,200	\$33,700	\$53,950
3	\$22,750	\$37,900	\$60,650
4	\$25,750	\$42,100	\$67,350
5	\$30,170	\$45,500	\$72,750
6	\$34,590	\$48,850	\$78,150
7	\$39,010	\$52,250	\$83,550
8	\$43,430	\$55,600	\$88,950

**Limit Revni yo Efektif Apati Avril 2019*

Pwosedri ÈD pou Acha Lavil Deerfield Beach la

1. Li, konprann epi siyen piblikasyon yo pou aplikasyon pwogram nan. Piblikasyon yo ki siyen an dwe akonpanye ak aplikasyon an lè y ap soumèt.
2. Pretè a dwe apwouve li anvan.
3. **Yon Premye Apwobasyon ak yon kontra Imobilye ki siyen dwe soumèt ak aplikasyon konplè ou an.**
4. Pwograme yon randevou ak Deerfield Beach Family Empowerment, Inc. (DBFE) pou soumèt aplikasyon konplè ou an ak kontra imobilye a pou detèmine elijibilite ou.
5. Yon premye revizyon aplikasyon ou a ap fèt pandan randevou a pou detèmine si gen posiblite pou elijib. Yon fwa yo fè yon premye detèminasyon, aplikan ki elijib yo pral resevwa yon apwobasyon sou kondisyon. Fon yo pap rezève jiskaske verifikasyon revni an fini. Yon apwobasyon final baze sou verifikasyon revni an ak elijibilite pou pwogram nan.
6. Tout kontra acha dwe genyen addendum (dokiman) pwogram nan egzije a ki defini kondisyon ak piblikasyon pwogram nan. Ni achtè a ni vandè a dwe rekonèt egzijans pwogram nan.
7. Pretè ou a ap bezwen kontra acha egzekite ou a pou li fin travay sou prè ou a.
8. Li obligatwa pou moun k ap achte kay la swiv yon kou 8 èdtan HUD apwouve. Li rekòmande pou aplikan yo fè sa pi rapid li posib pou ede yo konprann pwosesis achtè kay la. Li valab pou 12 mwa. Sa dwe nan dosye ou avan dat ki pwograme pou fènti acha a.

Premye Apwobasyon pou Ipotèk Egzijib

Deerfield Beach Family Empowerment, Inc. pap aksepte yon aplikasyon san yon lèt pre apwobasyon nan men yon pretè ki kalifye. Pretè a pral egzije ou pou ou finalize yon aplikasyon pou prè epi li pral revize kredi ou, revni ou ak enfòmasyon sou lòt prè estanda pou detèmine si ou kalifye pou yon ipotèk ak kantite lajan ou gen posiblite pou jwenn. To enterè yo, montan prè yo ak tèm nenpòt prè ap pase nan negosiyasyon ant pretè a ak moun k ap resevwa prè a. Nan tout pwosedi a, pretè a ki te pre apwouve ou a ka egzije enfòmasyon anplis nan mwen ou pou finalize aplikasyon prè a. Yo dwe jwenn ou alafwa elijib nan revni ou pou pwogram èd acha a epi kapab sekirize yon prè pou ou resevwa èd nan men Vil la.

Pwosedi Sètifikasyon Revni a

DBFE pral verifye tout enfòmasyon sou revni pou fwaye an. Yo egzije verifikasyon an pou detèmine elijibilite ou pou èd la dapre gid pwogram nan. Si ou kalifye pou èd, y ap sètifye revni ou epi ou pral resevwa yon avi elijibilite. Si revni ou ta chanje apre yo ta detèmine revni ou elijib epi yo pat ko ba w èd la, pwogram elijibilite ou a pral oblije resètifye.

Jwenn yon Pwopriyete Elijib

Tout pwopriyete yo dwe gen yon evalyasyon ki pa depase 60 jou, yon enspeksyon twati a, enspeksyon pou tèmit ak lòt enspeksyon pwogram nan ka detèmine. Yon fwa yo aksepte kontra acha ou a, w ap bezwen travay ak pretè ou a pou finalize pwosesis ipotèk ou an.

DBFE revize tout dokiman final prè yo ak rapò enspeksyon yo pou detèmine elijibilite pou pwogram lan. Pretè ou a ap transfere bay DBFE tout dokiman pou prè a, kontra vant yo ak enspeksyon pwopriyete yo. Yon fwa ou gen yon angajman ipotèk nan men pretè ou a, ou dwe asire ou DBFE resevwa yon kopi Dokiman Fèmte ou a omwens 3 jou avan fèmte a pou pèmèt revizyon final sou konfòmite ak règ pwogram nan.

Deerfield Beach Family Empowerment, Inc. ak Lavil Deerfield Beach la pap rantre nan okenn sa ki gen pou wè ak ipotèk oswa tranzaksyon imobilye. Ou dakò pou retire responsablite Deerfield Beach Family Empowerment ak Lavil Deerfield Beach, nenpòt ajans gouvènman an, ofisye l yo, anplwaye l yo, aksyonè l yo, ajan yo, siksesè yo ak atribisyon yo nan nenpòt ki obligasyon ki ka vini ak aplikasyon ou pou nenpòt ki sibvansyon oswa ipotèk oswa acha nenpòt pwopriyete. ***Aplikan yo ta dwe chèche konsèy legal pwofesyonèl konpetan lè y ap angaje nan nenpòt tranzaksyon imobilye.***

Siyati Aplikan an

Dat

Siyati Ko Aplikan an

Dat

PIBLIKASYON FO DEKLARASYON AK APWOBASYON

Lè ou ranpli epi soumèt aplikasyon sa a, ou rekonèt entansyon pwogram SHIP, HOME ak CDBG yo se pou ede fwaye ki ta vle achte yon pwopriyete kòm yon rezidans kote pwopriyete a rete ladan l.

Lè ou siyen piblikasyon sa a epi fin ranpli aplikasyon sa a, ou rekonèt ou pa posede okenn lòt rezidans pou moman an epi ou gen entansyon achte yon pwopriyete kòm rezidans prensipal ou jan tèm akò ou ak Vil lan fè konnen sa a. Yo pral egzije ou pou kenbe estati egzanpsyon yon pwopriyete epi pou genyen asirans kont inondasyon ak danje/asirans pou pwopriyete, kote li aplikab, pou dire tèm lan ki dekri nan akò ak Vil lan.

AVÈTISMNAN FEDERAL: Gen amann ak ale nan prizon -\$10000/5 lane- pou moun ki fè deklarasyon ki fo, ki pa reyèl, oswa deklarasyon fwod oswa fo done nan nenpòt dokiman nan jiridiksyon Gouvènman Federal la (18 U.S.C. 1001)

AVÈTISMNAN ETA: Estati 817 Florid lan fè konnen fo deklarasyon volontè oswa move reprezantasyon konsènan revni ak aktif oswa dèt anrapò ak sityasyon finansye se yon deli premye degre epi li gen pinisyon ak amann epi ale nan prizon dapre S 775.082 o 775.83.

AVÈTISMNAN LOKAL: Gouvènman lokal lan sipèvize jesyon pwogram sa a, li ka enpoze amann ak/oswa mete nan prizon nenpòt ki moun ki fè deklarasyon fo, ki pa reyèl, oswa deklarasyon fwod konsènan aktif yo, dèt yo, dimansyon fwaye an, konbyen moun ki ladan l epi nenpòt lòt enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine elijibÈÈlite pou pwogram sa a.

Mwen/Nou te li, konprann epi rekonèt nou resevwa piblikasyon ki anwo an.

Siyati Aplikan an

Dat

Siyati Ko Aplikan an

Dat

PIBLIKASYON DOSYE PIBLIK AK APWOBASYON

Enfòmasyon aplikan an founi ka tonbe anba Chapit 119, Estati Florid yo konsènan Dosye Piblik yo. Nenpòt ki moun ka mande enfòmasyon ou founi yo ki pa pwoteje anba Estati Florid yo pou yo ka revize epi/oswa itilize. Sa pa gen okenn rapò ak si ou kalifye oswa pa kalifye pou finansman anba pwogram lan (yo) w ap aplike pou li a.

Kòm mwen te resevwa konsèy anvan mwen te aplike pou èd oswa jwenn okenn enfòmasyon, Mwen/Nou dakò pou retire tout responsablite nan men Deerfield Beach Family Empowerment ak Lavil Deerfield Beach, nenpòt ajans gouvènman an, ofisye l yo, anplwaye l yo, aksyonè l yo, ajan yo, siksesè yo ak atribisyon yo nan nenpòt ki dèt oswa depans ki ta ka rive akòz konfòmite ak dispozisyon Chapit 119, Estati Florid yo.

Mwen/Nou dakò ni Deerfield Beach Famiy Empowerment ni Lavil Deerfield Beach pa gen okenn devwa ni obligasyon pou revandike okenn defans, eksepsyon oswa egzansyon pou anpeche okenn oswa tout enfòmasyon ki rive jwenn Deerfield Beach Family Empowerment oswa Lavil Deerfield Beach anrapò ak aplikasyon sa a oswa yo jwenn atravè koneksyon yo ak aplikasyon sa a, pibliye nan konfòmite ak yon demann lwa sou dosye piblik.

Pi lwen toujou, ak siyati mwen pi ba a, Mwen/Nou dakò ni Deerfield Beach Family Empowerment ni Lavil Deerfield Beach lan pa gen okenn obligasyon oswa devwa pou fè mwen/nou konnen yo fè yon demann lwa sou dosye piblik.

Mwen/Nou dakò pou retire tout responsablite nan men Deerfield Beach Family Empowerment ak Lavil Deerfield Beach, nenpòt ajans gouvènman an, ofisye l yo, anplwaye l yo, aksyonè l yo, ajan yo, siksesè yo ak atribisyon yo nan nenpòt ki dèt ki ka soti nan aplikasyon mwen/nou pou nenpòt ki sibvansyon oswa ipotèk oswa acha nenpòt pwopriyete mwen/nou fè oswa nenpòt bagay ki soti nan nenpòt pwojè reyabilitasyon Lavil Deerfield Beach lan finanse.

Siyati Aplikan an

Dat

Siyati Ko Aplikan an

Dat

AVI SOU DEMANN NIMEWO SEKIRITE SOSYAL POU OBJEKTIF GOUVENMAN AN

Vil la mande nimewo sekirite sosyal ou a pou yon kantite objektif diferan. Lwa Eta Florid la sou Dosye Piblik (espesifikman seksyon 119.071 (5), Estati Florid yo (2007), egzije Vil la pou li ba ou yon deklarasyon ekri ki esplike objektif ak otorite pou mande nimewo sekirite sosyal ou an.

Y ap mande nimewo sekirite sosyal ou an nan entansyon pou sètifye revni ou pou pwogram èd pou lojman Vil la ki egzije yon tyès pati verifye byen, travay ak revni yo. Anplis, yo ka ranmase enfòmasyon sa yo pou verifye alokasyon chomaj yo, alokasyon sekirite sosyal ak pou andikap epi lòt enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine revni epi byen ak elijibilite pou pwogram nan ki jwenn finansman nan pwogram lajan lokal, Federal ak/oswa Eta a.

Otorizasyon pou mande Nimewo Sekirite Sosyal

- yo fè referans ak 24 CFR 5.609, kòm "Revni Anyèl Pati 5" - Kòd Règleman Federal yo.
- Pwosedi Mizanplas Èd pou Acha Lavil Deerfield Beach lan.

Yo pa pral itilize nimewo sekirite sosyal ou an nan okenn lòt objektif apa verifye elijibilite ou pou pwogram Vil lan.

Mwen/Nou te li epi konprann enfòmasyon sa a.

Siyati Aplikan an

Dat

Siyati Ko Aplikan an

Dat

PIBLIKASYON KONFLI ENTERÈ

Nan konfòmite ak 24 CFR 570.611 yo ka anpeche aplikan yo patisipe nan Pwogram Èd pou Acha a si yon konfli enterè egziste. Yon konfli enterè egziste si yon aplikan se yon anplwaye, ajan, konsiltan, ofisyè, yon ofisyèl yo vote oswa yon ofisyèl Vil Deerfield Beach lan nomen oswa sou benefisyè li yo ak si nan espas 12 mwa nenpòt nan twa deklarasyon ki swuiv yo aplike pou nenpòt nan aplikan yo:

1. Li egzèsè oswa te egzèsè nenpòt fonksyon oswa responsablite yo anrapò ak finansman pou pwogram sa a.
2. Li patisipe oswa te patisipe nan pwosedi pran desizyon ki lye ak finansman pou pwogram sa a.
3. Li nan/te nan pozisyon pou li jwenn enfòmasyon anndan sou aktivite pwogram sa yo.

Ka gen yon konfli enterè tou si yon aplikan pou èd la gen lyen familyal oswa biznis ak nenpòt anplwaye, ofisyè, ofisyèl yo vote oswa yo nonmen oswa ajan yon inite gouvènman lokal la ki egzèsè nenpòt fonksyon oswa responsablite anrapò ak pwogram Vil la. Lè yon konfli enterè oswa yon konfli enterè yo sispèk egziste, aplikan an dwe rekonèt epi divilge konfli an. **Tanpri remake si gen yon konfli enterè ki egziste, yo egzije nou chache opinyon legal pou nou fè piblik la konnen w ap aplike pou pwogram sa swa nan jounal oswa pa mwayen pwosedi odyans piblik Komisyon Vil la epi mande yon eksepsyon nan men Depatman HUD Lèzetazini. Pwosesis sa a obligatwa pou tout anplwaye Laval Deerfield Beach epi pou nenpòt lè gen yon konfli.**

Tanpri li deklarasyon #1 ak #2 a epi tcheke deklarasyon ki aplikab pou ou an.

___ 1. Mwen/Nou PA GEN yon konfli enterè nan sa ki konsène aplikasyon pou èd nan men Vil lan.

___ 2. Mwen/Nou GEN yon konfli enterè nan sa ki konsène aplikasyon pou èd nan men Vil lan.

Si ou te mete yon tchèk bò kote deklarasyon #2 an, tanpri esplike Konfli Enterè a:

Mwen/Nou te li epi konprann kisa yon Konfli Enterè ye nan sa ki gen pou wè ak aplikasyon pou èd la.

Siyati Aplikan an

Dat

Siyati Ko Aplikan an

Dat

TÈM AK KONDISYON PWOGRAM ÈD POU ACHA A

Kontribisyon Minimòm nan Fon Moun k ap Prete yo: 3% (twa pousan) oswa jiska mwatye nan depo peman yo egzije nan men pretè a (nenpòt ladan yo ki pi gran).

LTV (Prè sou Valè) Maksimòm sou Premye Ipotèk: 95% LTV ak 95% (Pou FHA). Aplikan yo dwe pre kalifye (kalifye anvan) sou baz kapasite pou yo peye san konsiderasyon èd y ap jwenn nan men Vil lan.

LTV (Prè sou Valè) Maksimòm Konbine: 105% CLTV

Objektif Dezyèm Ipotèk la:

- Dezyèm Ipotèk Pi Fasil yo - Dezyèm ipotèk difere ak yon enterè zero pousan (0%) pa egzije peman nan men benefisyè Pwogram lan toutotan tèm angajman ant Vil la ak pwopriyete a kenbe pou dire peryòd aksesibilite a. Yo ka pèmèt racha to enterè ak prensipal la.

Maksimòm Montan Èd la: Èd jiska \$50,000.

To Enterè Dezyèm Ipotèk la: 0% enterè pou tèm prè a - 5 a 15 lane

MONTAN ÈD LAN	PERYÒD AKSESIBILITE A
Anba \$14,999.99	5 lane
\$15,000 pou rive \$40,000	10 lane
Plis pase \$40,000	15 lane

Zero pousan enterè, prè ak peman difere ki garanti ak yon ipotèk epi yon nòt òdonans. Tout Prè a ka efase nèt nan fen tèm lan. Tèm lan kòmanse nan dat fèmti a, yon fwa tit pwopriyete a rete anba pwopriyete premye achtè a.

Limit Revni Moun k ap resevwa Prè a: 80% revni medyan zòn lan (AMI) ki ajiste pou gwosè fanmi an.

Elijibilite pou Pwopriyete a: Kay pou yon sèl fanmi detache, kondominyòm, kay ki kole yonn ak lòt ak vila.

Se Lavil Deerfield Beach la ki bay Konpayi Tit la chèk Èd pou Acha a. DBFE pa responsab pou bay chèk. Moun yo ki posib pou achte kay la dwe gen konpayi tit yo pou kowòdone fèmti an ak DBFE Florid la. Eitati Federal ak Eta yo, règleman ak pwogram yo k ap gide aplikasyon sa a ka chanje nenpòt kilè.

Mwen/Nou konprann epi dakò ak tèm ak kondisyon yo ki ekri anwo a.

Siyati Aplikan an _____

Dat _____

Siyati Ko Aplikan an: _____

Dat _____

DOKIMAN YO EGZIJE

*Tanpri bay kopi dokiman sa yo ki anba. **NOU PA FÈ KOPL**.*

1. **Souch chèk de (2) mwa ki pi resan yo oswa deklarasyon revni yo ki montre non anplwaye an, kòb anvan taks chak fwa li touche, dediksyon yo, ak frekans peman pou chak moun nan fwaye a ki gen plis pase 18 lane. 2 souch chèk pou peman chak mwa, 4 souch chèk pou peman chak de semèn ak 8 souch chèk pou peman chak semèn.**
2. **Atestasyon bankè sis (6) dènye mwa yo pou chak manm nan fwaye a.** Nou bezwen chak paj atestasyon bankè yo - menm paj "blanch" yo.
3. **Deklarasyon federal enpo sou revni ki depoze nan IRS pou de (2) dènye ane yo AK W-2 pou de dènye (2) Ane yo. Nou ap aksepte:**
 - a. Yon kopi dokiman orijinal deklarasyon enpo sou revni a **ki siyen** ak W-2 yo **oswa**
 - b. Yon kopi (rapò) deklarasyon federal revni ou a nan men IRS ak W-2 yo. Ou ka mande yon kopi lè ou ranpli fòmilè IRS 4506-T epi voye l bay IRS. Ou ka jwenn fòmilè an sou sit entènèt IRS la www.irs.gov, lè ou rele IRS nan 1-800-829-3676 oswa lè ou ale nan biwo IRS la.
4. **Prèv kantite depandan ki deklare** (Depandan yo dwe enskri nan deklarasyon federal enpo sou revni ou a).
 - a. Sètifika Nesans kote non paran/aplikan enskri **oswa**
 - b. Dosye lekòl ki bay non paran an ak adrès **oswa**
 - c. Lèt desizyon tribinal sou gad **oswa**
 - d. Dekrè divòs **oswa**
 - e. Lèt adopsyon
 - f. Si yon depandan ki gen plis pase 18 lane se yon etidyan a plen tan, tanpri soumèt yon kopi orè kou yo anplis dokiman ki anwo yo.
5. **Kat Sekirite Sosyal tout manm fwaye an ki siyen (18 lane oswa plis).**
6. **Prèv nasyonalite oswa dokiman estati imigran legal yo.**
 - a. Sètifika nesans Lèzetazini **oswa**
 - b. Paspò Ameriken **oswa**
 - c. Fòmilè akseptab pou verifye estati imigrasyon
7. **Si ou divòse, bay dekrè divòs ou ak dokiman tribinal ki sètifye sa.**
8. **Si ou separe, bay deklarasyon enpo sou revni pou 5 ane ki monte ou te ranpli enpo kòm selibatè AK lisans mari/madanm ou oswa yon bòdwo sèvis piblik ki montre yon lòt adrès.**
9. **Revni Si W ap Travay ak Tèt ou. Pati C, E oswa F dwe rantre nan deklarasyon federal enpo sou revni ou a AK**
 - a. Deklarasyon kontab lan oswa èd-kontab la sou revni apre taks yo prevwa pou 12 pwochen mwa yo ki enprime sou pape ak antèt konpayi kontab/èd kontab la, deklarasyon P/L chak trimès oswa
 - b. Yon deklarasyon notarye sou sèman nan men moun k ap travay ak tèt li an sou revni apre taks li prevwa pou 12 pwochen mwa yo.
10. **Sekirite Sosyal, Benefis Sekirite Sipleman (SSI), ak Benefis pou Andikap** - Yon lèt prèv oswa yon lèt avi pou benefis la yon ajans otorize prepare epi siyen.

11. **Revni Ou Pa Fè. Tanpri bay dokiman pou tout sa ki aplikab yo.**
 - a. Konpansasyon Chomaj - Avi sou benefis chomaj ak kat (4) kopi souch chèk pou chomaj.
 - b. Konpansasyon pou Andikap - Avi sou elijiblite nan men patwon oswa ajans ki otorize epi twa (3) kopi souch chèk.
 - c. Konpansasyon pou Travayè - Avi sou montan yo bay epi kat (4) kopi souch chèk.
 - d. Peman Revokasyon - Avi patwon an ki deklare montan ou resewa kòm peman revokasyon an.
 - e. Asistans sosyal pou peman pou lòt depans yo bay nenpòt manm nan fwaye an
12. **Manm fwaye an ki nan chomaj ki pap resewa benefis oswa salè pou chomaj.** Tanpri bay yon deklarasyon sou sèman notarye manm fwaye an ki di li pap resewa okenn benefis pou chomaj la epi li pap resewa okenn revni.
13. **Pou Pansyon Alimantè oswa Peman pou Sipò Timoun**
 - a. Yon kopi tribinal oswa ajans gouvènman an kote pèman yo fèt la bay oswa
 - b. Yon lèt orijinal notarye nan men paran ki pa gadyen an ki di konbyen lajan ki bay chak semèn, chak de semèn oswa chak mwa oswa
 - c. Yon deklarasyon orijinal notarye nan men paran k ap gade timoun nan ki di pa gen pansyon ki resewa pou chak timoun.

Pou Bous Etid, Sibvansyon epi Benefis nan Administrasyon Veteran yo - Konfimasyon ekri byenfetè a sou kantite èd ak konfimasyon ekri enstitisyon edikatif la sou depans yo prevwa pou eskolarite elèv la, frè yo, liv yo ak ekipman yo pou 12 pwochen mwa yo.
14. **Aktif yo - Tanpri soumèt atestasyon aktyèl yo pou aktif ki anba yo pou chak manm nan fwaye a si sa aplikab.** Nou bezwen tout paj yo pou chak atestasyon ki soumèt epi ki liste nan fòmilè aplikasyon ou an.
 - a. Atestasyon kont 401(K)
 - b. Atestasyon Retrèt
 - c. Atestasyon Pansyon
 - d. Atestasyon IRA
 - e. Atestasyon Sètifika depo (CD)
 - f. Rant
15. **Polis Asirans Vi ak valè lajan aktyèl epi ki opsyon (tèm oswa pandan tout lavi).** Nou bezwen tout paj pi fò dokiman polis ki pi aktyèl la.
16. **Kontribisyon Regilye ak Kado.** Egzanp: manm ki pa nan fwaye a ki peye tout oswa yon pati nan depans yo, ipotèk yo oubyen ki kontribiye lajan sou yon baz regilye.
 - a. Deklarasyon notarye oubyen affidavit moun k ap bay èd la siyen, dapre objektif, dat ak valè kado yo oswa
 - b. Yon lèt yon bank, yon avoka oswa yon mandatè ki fè verifikasyon yo egzije a bay.
17. **Kontra Imobilye ki Egzekite ak Pre Apwobasyon nan men Pretè a.**

ENFOMASYON JENERAL APLIKAN AN

	Aplikasyon	Ko Aplikasyon
Non Konplè:		
Laj ak Dat Nesans:		
Adrès Ri a ak Adrès Postal Aplikasyon an		
Adrès ri an:		Eta:
Vil:		Kòd Postal:
Adrès Postal:		Eta:
Vil:		Kòd Postal:

Nimewo Telefòn: _____ Telefòn Selilè: _____

Adrès Imèl: _____

Eta Sivil Aplikasyon an: _____

Lèt Manb nan Fwaye an

Non	Dat Nesans	Laj	Relasyon ak Aplikasyon an	Dokiman ki Itilize pou Verifikasyon

Eske Aplikasyon an, Ko Aplikasyon an oswa nenpòt lòt manm fwaye an ki gen 18 lane oswa plis se yon etidyan a plen tan?
Si wi, bay non yo: _____

Enfòmasyon Anplwa Aplikasyon an

Non Ansyen/Aktyèl Patwon an:	Nimewo Telefòn
Adrès:	Sipèvizè:
Pòs:	Tan Anplwaye:
To Peman:	Frekans Peman:
Revni Anyèl (salè anvan taks, lè siplemantè, poubwa, bonis, eksetera.): \$	

Enfòmasyon Anplwa Ko Aplikasyon an

Non Ansyen/Aktyèl Patwon an:	Nimewo Telefòn
Adrès:	Sipèvizè:
Pòs:	Tan Anplwaye:
To Peman:	Frekans Peman:
Revni Anyèl (salè anvan taks, lè siplemantè, poubwa, bonis, eksetera.): \$	

Lòt Manm Fwaye an ki gen 18 lane epi plis:

Non Ansyen/Aktyèl Patwon an:	Nimewo Telefòn
Adrès:	Sipèvizè:
Pòs:	Tan Anplwaye:
To Peman:	Frekans Peman:
Revni Anyèl (salè anvan taks, lè siplemantè, poubwa, bonis, eksetera.): \$	

NÒT: *Tanpri atache fèy anplis jan sa nesèsè pou tout manm fwaye a ki gen 18 lane epi plis.*

Revni Anyèl Anvan Taks:

SOUS	Aplikasyon	Ko Aplikasyon	Lòt Manm ki Gen 18 lane oswa plis	Total
Travay				
Konpansasyon Chomaj				
Konpansasyon Ouvriye				
Pansyon (VA, Mil, Retrèt)				
Andikap sou tèm kout-oswa- long				
Peman pou Sipò Timoun/Pansyon Alimantè				
Sekirite Sosyal				
SSI				
SSD				
AFDC/TAN/ESS				
Peman Asistans Sosyal				
Revni Apre Taks Biznis oswa Lokasyon				
Lòt (Lis)				

Eske ou se yon sitwayen ameriken? **Wi**__ **Non**__ oswa Rezidan Pèmanan Legal? **Wi**__ **Non**__ (si ou se yon rezidan pèmanan ou dwe bay yon kopi kat rezidans ou)

Revni Anyèl Total Fanmi an: \$ _____

Aktif ak Revni Aktif yo (Pou tout Manm Fanmi an, Fè yon lis kont kouran ak kont epay yo, IRA, CD yo, Aksyon yo, Plasman nan Pwopriyete, Asirans Vi eksetera.)

Aplikasyon:

Non Enstitisyon an	Kalite Byen	Valè Byen an	To Enterè	Revni Anyèl sou Aktif yo
1.				
2.				
3.				
4.				
5.				
6.				

Total: \$ _____

Ko Aplikan:

Non Enstitisyon an	Kalite Byen	Valè Byen an	To Enterè	Revni Anyèl sou Aktif yo
1.				
2.				
3.				
4.				
5.				
6.				
Total: \$ _____				

Eske Aplikan an, Ko Aplikan an oswa nenpòt lòt manm ki nan fwaye a ki gen 18 lane oswa plis posede yon pwopriyete oswa tè?
 WI _____ NON _____

Si wi, bay non yo: _____

Lòt Manm Fanmi an ki gen 18 lane epi plis:

Non Enstitisyon an	Kalite Byen	Valè Byen an	To Enterè	Revni Anyèl sou Aktif yo
1.				
2.				
3.				
4.				
5.				
6.				
Total: \$ _____				

Dèt: Depans Chak Mwa

Kalite/Non Kreditè yo	Aplikan	Ko Aplikan	Lòt Manm ki Gen 18 lane oswa plis
Lokasyon/Ipotèk:			
Peman Machin:			
Asirans Machin:			
Kat Kredi:			
Kont ki Dwe yo:			
Medikal:			
Lòt prè yo:			
Lòt (Lis):			

Eske ou gen dèt ki nan koleksyon oswa jijman? Wi Non Montan \$ _____
 Eske ou te deklare fayit pandan 7 dènye ane sa yo Wi Non Montan \$ _____
 Eske ou se yon manm nan yon pouswuit lajistis? Wi Non Si wi, eksplike:

Eske ou menm oswa yon moun nan kay la te janm resevwa nenpòt kalite èd nan men Vil Deerfield Beach lan? Wi Non Si wi, esplike:

ENPÒTAN - APLIKAN LI ANVAN L SIYEN

Enfòmasyon ki bay lan vre epi konplè dapre tout sa mwen/nou konprann epi kwè. Mwen/Nou dakò piblikasyon enfòmasyon sa yo nan objektif pou verifye revni anrapò ak aplikasyon mwen/nou an pou èd finansye. Mwen/Nou konprann nenpòt move deklarasyon volontè nan dokiman pou prèy yo ka sèvi kòm baz pou diskalifye. Aplikan (yo) konprann enfòmasyon ki bay la nesèsè pou detèmine kalifikasyon pou èd la epi li pa asire nan okenn fason kalifikasyon pou èd la. Aplikan (yo) dakò tou pou bay nenpòt dokiman ki nesèsè pou verifye elijiblite a.

ATANSYON: Estati 817 Florid lan fè konnen fo deklarasyon volontè oswa move reprezantasyon konsènan revni ak aktif oswa dèt anrapò ak sitiasyon finansye se yon deli premye degre epi li gen pèn ak amann epi ale nan prizon dapre S 775.082 o 775.83.

_____ Dat: _____
Siyati Aplikan an/Ekri Non nan Karaktè Enprimri

_____ Dat: _____
Siyati Aplikan an/Ekri Non nan Karaktè Enprimri

Lèt Manm nan Fwaye a ki gen 18 lane epi plis:

_____ Dat: _____
Siyati/Ekri Non nan Karaktè Enprimri

_____ Dat: _____
Siyati/Ekri Non nan Karaktè Enprimri

_____ Dat: _____
Siyati/Ekri Non nan Karaktè Enprimri

Tanpri enprime enfòmasyon yo, pa itilize likid pou efase

OTORIZASYON POU PIBLIKASYON ENFOMASYON YO

Mwen/Nou, ki siyen pi ba a, nan dokiman sa a otorize piblikasyon san responsablite, enfòmasyon konsènan revni travay mwen/nou ak/oswa aktif mwen/nou bay **Deerfield Beach Family Empowerment ak Lavil Deerfield Beach la** pou objektif verifikasyon enfòmasyon ki bay yo, nan sa ki gen rapò ak detèmine elijiblite pou Pwogram Èd pou Acha a. Mwen/Nou konprann, se sèlman enfòmasyon ki nesèsè pou detèmine elijiblite a yo ka mande.

Kalite enfòmasyon ki dwe verifeye:

Mwen/Nou konprann yo ka egzije enfòmasyon sou mwen/nou pase oswa aktyèl. Verifikasyon yo ka mande se, men se pa sa yo ki swiv la a sèlman: idantite pèsonèl, pase pwofesyonèl, lè travay, salè ak frekans peman, komisyon, ogmantasyon, bonis ak poubwa; lajan kach ki sou kont kouran/epay, aksyon, bon, sètifika depo (CD), Kont Retrèt Endividyèl (IRA), enterè, dividann eksetera; peman apati Sekirite Sosyal, rant, polis asirans, fon retrèt, avantaj pansyon pou andikap oswa lanmò; konpansasyon pou chomaj, andikap ak/oswa travayè; èd sosyal; revni apre taks ki soti nan operasyon yon biznis; ak, pansyon alimantè oswa peman pansyon oswa sipò pou timoun eksetera.

Oganizasyon/Endividi yo ka mande pou bay verifikasyon ekri/oral yo se, men se pa sèlman sa yo ki site anba a la:

Patwon Ansyen/Aktyèl yo:

Bank, Enstitisyon Finansye oswa Retrèt

Ajans Eta a pou Chomaj

Ajans Asistans Sosyal

Founisè Pansyon Alimantè/Sipò pou timoun/Ak Lòt Sipò

Administrasyon Sekirite Sosyal

Administrasyon Veteran yo

Lòt: _____

Dakò sou Kondisyon yo:

Mwen/Nou dakò fotokopi otorizasyon sa a ka sèvi pou objektif ki deklare pi wo yo. Mwen/Nou konprann Mwen/Nou gen dwa revize dosye sa a epi korije nenpòt enfòmasyon nou ta twouve ki pa kòrèk.

Siyati Aplikan an/Ekri Non nan Karaktè Enprimri

Dat: _____

Siyati Ko Aplikan an/Ekri Non nan Karaktè Enprimri

Dat: _____

ADDENDUM KONTRA IMOBILYE

Addendum sa a ("Addendum Florid") antre nan Kontra Vant Imobilye nan dat ant Vandè a (yo) _____, ak Achtè a (yo) _____, (Kontra) pou Pwopriyete ki tabli nan: _____, Florid.

Vandè an ak Achtè an dakò epi rekonèt sa ki anba a yo la:

- a. Achtè an dwe achte pwopriyete a kòm yon pwopriyete mèl li ap rete ladan l ki dwe kenbe l kòm yon pwopriyete familyal pandan peryòd aksesiblite a ki te etabli nan akò acha a ak vil la.
- b. Pwopriyete an pa dwe sou kontra nan moman an ak okenn lòt pati epi pwopriyete a pa dwe disponib pou okenn lòt pati achte l pandan dire kontra sa a.

A nenpòt ki moman anvan klote tranzaksyon an, si nenpòt kondisyon anwo yo pa respekte, pwopriyete sa pap elijib pou Vil la achte l.

_____ Dat _____ Vandè _____ Dat _____

_____ Dat _____ Vandè _____ Dat _____

_____ Dat _____ Ajan Vant _____ Dat _____